*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 139 (25625)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

**2022 азы 4 август — майрæмы мæйы 4 бон, цыппæрæм**   Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

**2** ХОРЗЫ ФÆД НÆ СÆФЫ — *Намысджын цардвæндаг*

**3** ЮБИЛЕЙ — *Джыккайты Муратыл сæххæст 75 азы*

**4** СПОРТИВОН ФИДИУÆГ — *Уæззау атлетикæ*

**Рахизфарсы районæй**

## Фыдракæнды хъæдгом нæ дзæбæх кæны

**Æрбахæццæ кæнынц Беслæны, æппæт Ирыстоны хъыгтæнæн бонтæ. 18 азы рацыд уыцы террористон фыдракæндæй. Æнаххосæй цы бирæ адæм фæмард, уыдоны рухс нæмттæ рох никуы уыдзысты. Куыд алы аз, афтæ ацы хатт дæр районы хицауад бацæттæ кодта номарæн æмæ хъыгтæнæн бонты мадзæлттæ.**



Районы администрацийы цы уæрæх æмбырд сарæзтой, уым рахастой уынаффæтæ. Зæгъæм, Цæгат Кавказы хæххон-металлургон институты кæрты терроризмы амæттæгтæн цы цыртдзæвæн ис, уый æвæрд æрцæудзæн **"Зæдты сахар"**-ы уæлмæрды.

Цалцæггæнинаг сты цыртытæ æмæ ингæнты къæйтæ, базилын хъæуы цыртдзæвæн **"Хъыджы бæлас"**-мæ дæр. Мемориалмæ бахизæны скæнын хъæуы ног асфальт.

Уæлмæрдмæ цæстдарæг **Сæбанты Азæмæт** куыд загъта, афтæмæй бавнæлдтой мидæмæ бацæуæн аркæйы цалцæгмæ. Æппæт иннæ куыстытæ та кæндзысты иннæ аз.

Номарæн бонтæм цæттæ кæнгæйæ, хæлд скъолайы бæстыхаймæ цы фæндæгтæ цæуы, уыдон банывыл кæндзысты, кæрты ног бандæттæ сæвæрдзысты, спортивон зал бафснайдзысты.

**Нæ уацхæссæг**

**Хъуыддаджы ныхас**

## Районты социалон-экономикон рæзты фарстатæ

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО районты социалон-экономикон рæзты фарстаты тыххæй æмбырд скодта. Ныхас рауад бынæттон хиуынаффæйады оргæнты куысты сæйраг рахæцæнты тыххæй, сæ тыхстдзинæдты, паддзахадон нысантæ куыд æххæст кæндзысты, ууыл.**



Сергей Меняйло куыд бафиппайдта, афтæмæй ахæм фембæлдтытæ сты хъæугæ, национ проекттæ æмæ паддзахадон программæтæ царды уадзгæйæ, æххæстгæнæг хицауад æмæ бынæттон хиуынаффæйад хъуамæ æмгуыстад кæной. "Хъуыддæгтæ арæзт цæуынц муниципалон скондты, æмæ нæ иумæ кусын хъæуы. Адæмы царды хæрзхъæддзинад фæбæрзонддæр кæнынæн хъуамæ ахадгæ мадзæлттæ аразæм. Алы муниципалон сконды разамонæг дæр хъуамæ æмбара, дарддæр район куыд рæздзæн, уый", — загъта республикæйы Сæргълæууæг.

Дзæуджыхъæуы социалон-экономикон рæзты сæйраг рахæцæнты тыххæй радзырдта горæты бынæттон хиуынаффæйады администрацийы разамонæг **Милдзыхты Вячеслав**. Горæты фæзуаты æххæстгонд цæуынц 13 муниципалон программæйы, баст сты санитарон, цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады æмæ алфамбылайы уавæримæ, фæндæгты цалцæгимæ, æндæр хъуыддæгтимæ.

Милдзыхы-фырт куыд бацамыдта, афтæмæй ныртæккæ ахсджиаг у фæндæгты цалцæг. Кусынц фæндæгты 43 хайыл, сцæттæ сæ кæндзысты 31 августмæ. Æхсæнадон фæзуæттæй базилдзысты 18-мæ, бирæуæладзыгон хæдзæрттты кæртытæй сцалцæг кæндзысты 65. Стыр æхсызгонæй агурынц инвесторты, хонынц сæ егъау проекттæ саразынмæ. Милдзыхты Вячеславы хатдзæгмæ гæсгæ, ныртæккæ Олимпиаг парчы, бинонтæ сæ фæллад кæм уадзой, ахæм бынат аразынц. Уыдзæн дзы хиирхæфсæнтæ, аттракционтæ.

РЦИ-Аланийы Инвестицион советы размæ рахастой проекттæ "Аква-сити" æмæ "Сырх наупæлæз", сæ экономикон æмæ социалон ахадындзинад бæрзонд у. Горæты цæрджыты тынг тыхсын кæны, ивинаг чи у, къæвдадæтты канализацийы уыцы системæ.

Сергей Меняйло бафæдзæхста Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министрадæн, цæмæй горæты администрациимæ ацы ахсджиаг фарста къæпхæнгай алыг кæной. Хъуамæ сæ куырдиат бюджет фидар кæныны рæстæг арвитой федералон центрмæ. Горæты администрацийæн бахæс кодта Дзæуджыхъæуы пълан саразын æмæ трамвайтæ балхæныны график скæнын.

Æмбырды байхъуыстой Алагиры районы сæргълæууæг **Дзантиаты Исламмæ**. Уый радзырдта районы экономикон бæрæггæнæнты, агропромышленнон къабазы рæзты, цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады уавæры тыххæй, æхсæз инвестицион проекты сæм æххæстгонд куыд цæуынц, уыдæтты тыххæй. Дзантийы-фырт куыд загъта, афтæмæй хъармдæттыны хызæджы проекты фæдыл гæххæттытæ бацæттæ кодтой æмæ сæ арвыстой Фæзуæтты рæзты фондмæ. Ацы фарстамæ хъус фæдарын республикæйы Сæргълæууæг бахæс кодта Хицауады Сæрдары хæдивæг **Икъаты Русланбегæн**. Проект куы бантыса, уæд æй æппæт республикæйы дæр рапарахат кæнæн уыдзæн.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**"Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ**




**КЪУСРАТЫ Чермен — пенсиисæг, нæ газетыл æнувыд у 70-æм азтæй нырмæ.**

*БАФÆЗМ ÆЙ!*

**Национ проекты бындурыл**

## Ныридæгæн сын бирæ бантыст

**Ног ахуыры азмæ Ставд-Дурты скъолайы спортивон залы скæндзысты бындурон цалцæггæнæн куыстытæ.**

Подрядон арæзтадон куыстуат "СПК-Атриум"-æн ныридæгæн бирæ бантыст. Фыццаджыдæр уал бæстыхайæн йæ сæр баивтой, къултæ слæгъз кодтой, пъолтæ бетонæй сæхгæдтой. Электрон тыхдæттæн телтæ, доны хæтæлтæ хъармгæнæн системæ, канализаци дæр ног сты. Спортивон залæн раивтой йæ дуар, сæвæрдтой дзы хинайæн кабинæтæ æмæ санузелтæ. "Мидæгæй куыд аив у, йæ æддаг бакаст дæр хъуамæ афтæ уа", — зæгъынц кусджытæ æмæ рæсугъд кæнынц йæ æддаг къултæ æмæ бацæуæнтæ. Асинты сæрмæ уыдзæн æхгæд, скæндзысты дзы æмбонд.



Бындурон цалцæггæнæн куыстытæ цæуынц федералон проект "Ахуырады райрæзт"-ы, национ проект "Ахуырад"-ы бындурыл. Сæ сæйраг нысан у, хъæуты æмæ чысыл горæтты скъолаты физкультурæ æмæ спортæй æнтыстджынæй архайынæн æмбæлгæ уавæртæ скæнын. Куыстуаты сæйраг инженер **Лазарты Мурат** куыд зæгъы, афтæмæй хæстæгдæр рæстæг залы пъолтæ бамбæрздзысты сæрмагонд спортивон линолеумæй, къултæ та, протектор кæй хонынц, ахæм æрмæгæй. Уыдон конд цæуынц æрыгон спортуарзджыты æдасдзинадæн.

**Нæ уацхæссæг**

**Хицауадæй**

## Азы фыццаг æмбисы бюджет

**РЦИ-Аланийы Хицауады радон æмбырды архайджытæ равзæрстой 20 фарстайы бæрц, баст уыдысты экономикон æмæ социалон къабæзтимæ. Æмбырд амыдта Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис.**

Финансон ведомствæйы разамонæг **Исахъты Олег** радзырдта, азы фыццаг æмбисы республикон бюджет æххæстгонд куыд æрцыд, уый тыххæй. Æфтиæгтæ рауадысты 21 миллиард 713 милуан 031,9 мин сомы, хæрдзтæ — 22 миллиард 010 милуан 660,3 мин сомы. Хъалонты æмæ æнæхъалонты æфтиæгтæ сты 7 миллиард 652 милуан сомы.

Хæрдзты фылдæр хай лæвæрд æрцыд социалон политикæ, ахуырад, æнæниздзинад хъахъхъæнынад, национ экономикæйæн. Республикæйы паддзахадон хæс у 9 миллиард æмæ 438 милуан сомы, уыдонæн сæ 100 проценты сты бюджетон æфстæуттæ. Дзанайты Барис куыд бацамыдта, афтæмæй ныртæккæ цæттæ кæнынц иннæ азы бюджет, æмæ йыл бæстонæй бацархайын хъæуы.



Æмбырды архайджытæ æргом аздæхтой, азы дыккаг æмбис хи хæдзарæдты дыргътæ æмæ иннæ продукцийæ цы сыгъдæг æфтиæгтæ райсæн ис, уымæ. Дзанайы-фырты ныхасмæ гæсгæ, хи хæдзарæдтæ республикæйы рæзты ахсынц хицæн бынат. "Ацы аз сын грантты хуызы радих кодтам 150 милуан сомы, уыдонæй амалхъомтæ сæ хæдзарæдтæ райрæзын кæндзысты. Дарддæр дæр сын æххуыс кæндзыстæм. Сæ продукци сæ уæй кæнын хъæуы, æмæ сæм хъуамæ районты разамонджытæ фæкæсой. Амалхъомтимæ арæхдæр æмбæлут, сæ тыхстаг фарстатæ сын æвзарут. Сæ продукци дуканитæм куыд хæццæ кæна, ахæм уавæртæ сын скæнут. Сæ хæрзхъæддзинад гуырысхойаг нæу", — фæбæрæг кодта Хицауады Сæрдар.

Министртæ сразы сты бюджетты ‘хсæн трансферттæ районты ‘хсæн адих кæныныл æмæ сæ уæлдæр ахуыргæнæндæтты рауагъдонты стажировкæйыл схардз кæнынsocial. Адæмæн куысты бынæттæ дæттыны комитеты разамонæджы хæдивæг **Эллæ Авакова** куыд загъта, уымæ гæсгæ фыццаг фæлтæрддзинад райсыны тыххæй дипломджын рауагъдонтæн районтæм арвитдзысты фæйнæ 708,5 мин сомы. Дзанайты Барис куыд бафиппайдта, афтæмæй ахæм стажировкæ нæхимæ кæй кæндзысты, уый хорз у, сæ бон уыдзæн куыст ссарын дæр.

Дарддæр республикон исбоны сфидар кодтой Дзæуджыхъæуы бæрны уæвæг исбон. Ныхас цыд, Терчы сæрты Кольбусы уынджы цы къахвæндаг хид ис, ууыл. "Ацы объект арæзт æрцæудзæн 2022-2023 азты бюджетон æфстæуттæй. Республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** куыд баныхас кодта, афтæмæй цыппар объектæн райстам 800 милуан сомы. Федералон бюджетæй ма нын инфраструктурон æфстæуттæ радих кæндзысты 600 милуан сомы. Уыдоны фæрцы сараздзыстæм инженерон инфрастуктурæ ахсджиаг инвестицион проекттæн", — загъта Хицауады Сæрдар.

**Нæ уацхæссæг**

**Хъæууон хæдзарад**

## Картофы мыггаджы куыстад

**18-19 августы Дзæуджыхъæуы ацæудзæн 9-æм дунеон наукон-практикон форум ”Картофы мыггаджы куыстад: ног технологитæ æмæ ахъаззаджы хуызтæ”.**




Раздæр куыд уыд, афтæ ацы хатт дæр фембæлд ацæудзæн картофы мыггаджы куыстгæнæг цæгатирыстойнаг æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад "ФАТ-АГРО"-йы бындурыл.

Форумæн фадæттæ аразынц Уæрæсейы Хъæууон хæдзарады министрад, Картофы цæдис æмæ А.Лорхы номыл Картофы федералон иртасæн центр.

Форумы архайджытæ пленарон æмбырдты рæстæг æрныхас кæндзысты картофы мыггаг зайын кæныны, зайæгойтæ донæй æфсадыны æмæ сæ низтæй хизыны, ногæй бакусынæн уагъд картофы куыстад æмæ æндæр фарстатыл.

Уæрæсейы æмæ æппæт дунейы картофы мыггаджы куыстады æнтыстдзинæдтæ (уыимæ, "ФАТ-АГРО"-йы æрзайæг мыггаджы хуызтæ "Садон" æмæ "Спринтер") фенæн кæм ис, форумы архайджытæ ахæм æвдисæн быдыр "ФАТ-АГРО", стæй Алагиры районы Уæллаг Зджыды æрбынæттонуæвæг, денджызы æмвæзадæй 2500 метры бæрзæндæн, Уæрæсейы фыццаг Тыгъдадон хицæнкæнынады тæлм бабæрæг кæндзысты.

Уæрæсейы регионтæй æмæ фæсарæнтæй форумы архайынмæ æрбацæудзысты картофы куыстгæнæг 150 специалистæй фылдæр.

**Компаниты къорд "Бавари"-йы пресс-службæ**

**Дзырды фарн**

*Исчи дын зонд куы амона, уæд æм байхъус æнцадæй.*

*ГÆДИАТЫ Секъа*

Хæрзаудзинад

# Æххуыс — Донбассæн

**Донбассы æмæ украинаг националисттæй цы фæзуæттæ суæгъд, уыдоны ныридæгæн кусынц Æппæтуæрæсеон политикон парти "Иугонд Уæрæсе"-йы гуманитарон æххуыс кæныны 37 центры. "Ацы центрты уал æххуыс райстой 400 мин адæймагæй фылдæр.**

Уыимæ, алы фæзуатмæ дæр фидаргонд æрцыд бæрнон — Паддзахадон Думæйы депутат. Уымæй уæлдай, æххуыс кæнæм медицинон æгъдауæй æмæ ууыл та дзуапп дæтты **Дмитрий Хубезов**. Йæ разамындæй æвзæрст æрцыд 420 медицинон кусæджы. Уыдон æххуыс кæнынц граждайнаг цæрджытæн æмæ æфсæддонтæн, стæй кусынц партийы гуманитарон центрты медицинон кабинетты дæр", — радзырдта "Иугонд Уæрæсе"-йы Генсоветы нымæрдар **Андрей Турчак** партийы Уæлдæр советы бюройы æмбырды.

Дарддæр уый куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй Мæскуыйы паддзахадон университеты æмæ сæрмагондæй йæ ректор Виктор Садовничийы æххуысæй "Иугонд Уæрæсе" телемедицинон ифтонггæрзтæ сæвæрдта Северодонецкы, Купянскы æмæ Мариуполы. "Терминалты руаджы гæнæн фæуыдзæн фыццаградон диагностикæ кæнынæн, электрокардиограммæ райсынæн, туджы æлхъывдад барынæн æмæ бæрæггæнæнтæ онлайн уагæвæрды дæттынæн, фæстæдæр та — консультацитæ Мæскуыйы паддзахадон университеты специалисттæ æмæ профессортæй райсæн", — загъта партийы Генсоветы нымæрдар.

Уымæй уæлдай, "Иугонд Уæрæсе"-йы æмæ бæстæйы Рухсады министрады акци "Чингуытæ — Донбассæн"-ы фæлгæтты æмбырдгонд æрцыд 150 мин чиныджы. "Парти æххуыс кæны Донбассы педагогтæн дæр ног ахуыры азмæ бацæттæ кæныны æмæ уæрæсейаг стандарттæм рахизыны дæр. Скъолатæн рæвдз кæнæм ифтонггæрзтæ æмæ литературæ", — зæрдыл æрлæууын кодта Андрей Турчак.

"Иугонд Уæрæсе" хицæн æргом здахы сывæллæтты фæлладуагъдæн æххуыс кæнынмæ дæр. Ныридæгæн уал сывæллæтты центртæ байгом сты Луганскы, Купянскы, Старобельскы, Алчевскы. Уыдоны бархионтæ саразынц спортивон æмæ сфæлдыстадон ахуыртæ. Уымæй уæлдай, партийы æххуысæй 1 сентябрмæ Донбассы байгом уыдзысты æртæ кадетон корпусы. Уыдоны ахуыр кæнын сæ бон уыдзæн сидзæр сывæллæттæн дæр.

Дарддæр, "Иугонд Уæрæсе" æххуыс кæны лыгъд адæмæн дæр. Ныртæккæ Донецкы æмæ Луганскы Адæмон Республикæтæй æнæбары чи ралыгъд, уыдон сты Уæрæсейы 59 регионы, æдæппæт — 33 мин адæймаджы. Адонæй бирæты фæнды сæхи горæттæм раздæхын. "Мах куыд бæрæг кæнæм, афтæмæй адæм здæхын кæй райдыдтой Донбассмæ. Бирæтæ бауæндыдысты æмæ сæ фæнды сæ хæдзæртты цæрын", — бахахх кодта паддзахадон Советы нымæрдар.



Куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй Сæрмагонд æфсæддон операцийы райдайæнæй фæстæмæ "Иугонд Уæрæсе" физикон æмæ юридикон адæймæгтæй æрæмбырд кодта 500 милуан сомы. Уыдон хардзгонд æрцыдысты хойраджы продукттæ æлхæныныл, инвалидтæм зилыныл, сывæллæтты дзаумæттæ æмæ æнæмæнгхъæугæ предметтæ самал кæныныл, Луганскы æмæ Донецкы Адæмон Республикæты адæмон милицæйæн та техникон фæрæзтæ æлхæныныл.

"Дарддæр гуманитарон æххуыс кæнæм Донбассæн. Не 'фсæдтæ размæ куыд цæуынц, афтæ фылдæр кæны, æххуысхъуаг чи у, уыцы адæмы нымæц. Уымæ гæсгæ, уынаффæ хаст æрцыд, Донбассæн кæй æмбырд кæнæм, уыцы æххуысы гуырæхсттæ", — кæронбæттæны бафиппайдта Андрей Турчак.

"Иугонд Уæрæсе"-йы Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы бархионты регионалон центры разамонæг **Едзойты Марат** куыд радзырдта, афтæмæй сæрмагонд æфсæддон операци райдайæнæй фæстæмæ партийы регионалон хайад хъæддыхæй бавнæлдта Донбассы хъыгдардбаййафджытæн гуманитарон æххуыс æмбырд кæнынмæ. "Республикæйы разамынды руаджы махæн нæ къухы бафтыд 60 тоннæйæ фылдæр уæзæгтæ Луганскы æмæ Донецкы Адæмон Республикæтæм арвитын. Уыдон уыдысты: хойраджы продукттæ, арæзтадон æрмæджытæ хъыгдардбаййафæг социалон кусæндæтты æмæ цæрджыты хæдзæртты сæртæ цалцæг кæнынæн.

Рохуаты нæ баззадысты, Луганскы æмæ Донецкы Адæмон Республикæтæй чи ралыгъд æмæ рæстæгмæ Цæгат Ирыстоны кæй суазæг кодтой, уыцы адæм дæр. Нæ бархионтæ "Иугонд Уæрæсе"-йы "Æрыгон гварди"-йы уæнгтимæ уыдонæн балæвар кодтой алыхуызон товартæ, хъазæнтæ, чингуытæ, аддзинæгтæ æмæ бирæ æндæртæ.

**САНАТЫ Альбинæ, "Иугонд Уæрæсе"-йы Цæгат Ирыстоны регионалон хайады пресс-службæ**

Пульмонологон центр

## Проект сцæттæ уыдзæн ноябры

**Фыййагдоны Республикон пульмонологон центрæн йæ проект сцæттæ уыдзæн ноябры. Уый тыххæй фехъусын кодта арæзтад æмæ архитектурæйы министр МОРГУАТЫ Константин. Ныртæккæ проект цæттæ кæнынц штатон фæткмæ гæсгæ.**



Фыййагдоны пульмонологон центры арæзтад ахсджиаг у. Бирæ азты дæргъы ныхас цыдис, адæмæн йæ уæлдæф цы пайда хæссы, ууыл. Улæфæнты низтæй рынчын адæмæн æвдадзы хосау у.

Республикæйы медицинон колледжы разамонæг **Реуазты Таймураз** куыд зæгъы, афтæмæй рæуджыты низы ахасты бахауæг адæм уым сæхи ирвæзын кæнынц. "Уый пайда æрхæсдзæн Ирыстонæн æмæ æппæт Уæрæсейæн. Центр кæддæриддæр уыдзæн æнæмæнгхъæугæ. Транспорт æм афтæ æнцонæй кæй цæуы, уый дæр удæнцойдзинад у", — зæгъы Реуазы-фырт.

**Нæ уацхæссæг**

Барад

## Хъæндзинæдтæ раргом сты

**Национ проекттæ царды уадзыны рæстæг Алагиры районы Адæмы социалон хъахъхъæнынады управлени закъонæвæрынады домæнтæ æххæст кæны æви нæ, районы прокуратурæ уый сбæлвырд кодта.**

Национ проект "Демографи"-мæ хауæг регионалон проект "Сывæллæтты райгуырды рæстæг бинонтæн æхцайæ æххуыс" æххæст кæныны рæстæг сывæллонджын бинонтæн æрвылмæйон фиддонтæ фидынц æви нæ æмæ сын æндæр социалон æххуыс ис æви нæ, прокуратурæйы кусджытæ уыдæттæм уæлдай фылдæр æргом аздæхтой.

Федералон закъонæвæрынад нымайгæйæ, паддзахадон лæггæдтæй пайдагæнджытæм ис архайæг стандарттæм гæсгæ социалон æххуысы мадзæлттæй афоныл пайда кæныны бар, фæлæ прокуратурæйы кусджытæ куыд рабæрæг кодтой, афтæмæй управленийы специалисттæ ацы азы мартъийæ апрелы онг сывæллонджын бинонтæй æрбафтæг дыууæ куырдиатмæ гæсгæ социалон æххуысы мадзæлттæ сфидар кæныны фæдыл паддзахадон лæггæдтæ баххæст кæныны æмгъуыдтæ фехæлдтой.

Прокуратурæ управленийы хицауыл "Административон барадхæлдтыты тыххæй" кодексы 5.63 статьяйы 1 хаймæ ("Паддзахадон æмæ муниципалон лæггæдтæ æххæст кæнынæн фадæттæ саразыны тыххæй закъонæвæрынады фехæлд") гæсгæ 2 административон хъуыддаджы сарæзта.

Уымæй уæлдай, районы прокурор управленийы хицауæн бафæдзæхста закъоны хæлдтытæ аиуварс кæнын.

Прокуророн дзуаппы акттыл ныхас кæнынц.

Сывæллонджын бинонты социалон бартæ æххæстгонд цæуынц æви нæ, республикæйы Прокуратурæйы оргæнтæ уыдæттæм уæлдай фылдæр æргом здахынц.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Энергетикæ

## Хæсы бæрц фæкъаддæр кæнынæн

Дыууæ мæйы фæд-фæдыл компани "Цæгкавказэнерго" цæгатирыстойнæгтæй фæлхасгонд электрон тыхы тыххæй æхца æмбырд кæныны пълан уæлдайджынтæй сæххæст кодта.



Энергетикты æнæлаз (уыимæ — информационæмбарынгæнæн) куысты фæрцы ацы азы июны хардзгонд электрон тыхы аргъ бафидыны къæпхæн (амæй размæ сæвзæрæг хæс фыст кæй æрцыд, уый дæр нымайгæйæ) рауад 114,5 проценты. Ивгъуыд азы уыцы афонимæ абаргæйæ, уый у 2,5 проценты (12,6 милуан сомы) фылдæр.

Цæгатирыстойнæгтæ энергетиктæй кæй дарынц, ивгъуыд мæй уыцы хæсы бæрц 18,7 милуан сомы фæкъаддæр. Ацы азы 1 июлы хæсы бæрц уыд 438,5 милуан сомы.

Фæлхасгонд электрон тыхы тыххæй хæсы бæрц цæмæй фæкъаддæр уа, энергетиктæ ууыл парахатæй архайынц.

**Компани "Россети Цæгат Кавказ"-ы пресс-службæ**

Æнæниздзинад

## Фæлладуагъды фæстæ

**Фæлладуагъды рæстæг организм лæмæгъ кæнын райдайы, сахуыр вæййы æнцон царды уагыл. Ахæм ахаст зындæр фæкæны кусæджы рацыд фæллойадон архайдмæ, цалынмæ кусæг графикыл ногæй фæцахуыр вæййы, уæдмæ.**

Уымæй уæлдай, фæллойадон уагæвæрдмæ рахизыны фæстæ адæймагмæ ныхмæвæрддзинæдтæ дæр фæзынынц фæндæттæ æмæ йæ хæсты æхсæн. Фæлæ сыл бирæ хъуыды кæнæн нæй, куыстмæ рацæугæйæ, зивæгæй фервæзын хъæуы, цæмæй æнæзæрдæнкъуыстытæй æрлæууай дæ куысты бынаты, æмæ уый тыххæй та æххæст кæнын хъæуы 7 хуымæтæг домæны.



1. Афтæ саразут, цæмæй фæлладуагъдæй куыстмæ рацыд ма фæзына уæ ахастыл. Кæд фæлладуагъды бонтæ æндæр ран арвыстат, уæд бафæлварут куыстмæ рацæуынæй бон кæнæ дыууæ боны раздæр хæдзармæ раздæхын. Уый уын стыр æххуыс фæуыдзæн куыстмæ æнцондæрæй раздæхынæн;

2. Куыстмæ рацæуыны фæстæ æппæт хъуыддæгтæ кæнынмæ ма фæлæбурут, суанг, уæ фæстæ куыст кæд ныккъуылымпы, уæддæр. Чысылгай архайын райдайут, куысты рад спълан кæнгæйæ. Саразут æвæстиатæй æххæстгæнинаг хæсты пълан дæр æмæ уыдонæй уæ куыст райдайут;

3. Фыццаг дыууæ-æртæ боны кусын хъæуы æнцондæр уагæвæрды. Куысты куыд нæ аныгъуылат, уый тыххæй бацархайын хъæуы хуымæтæг хъуыддæгтæй райдайын, кæннод уæвæн ис, æмæ бахауат тыхст уавæры. Дарддæр рæдыдтытæ кæнæн нæй, цæмæй ма 'рцæуой æвзæрдæр фæстиуджытæ;

4. Фæлладуагъд кæнæ бæрæгбæтты фæстæ фыццаг цалдæр боны куысты мацы хуызы баззайут 18:00 сахатæй фæстæдæр. Кæд гæнæн уа, уæд бацархайут иу чысыл раздæр рацæуыныл, æмæ атезгъо кæнын сыгъдæг уæлдæфы;

5. Куысты цы бирæ хъуыддæгтæ бамбырд, уыдонæй кæд нæй уæхи фæиуварс кæнæн, уæд-иу алы сахат дæр чысыл аулæфут, сихоры хæрды фæстæ та, æнæмæнг, рацæут уынгмæ æмæ уæхи аирхæфсут;

6. Куыстмæ раздæхыны фæстæ фыццаг фæлладуадзæн бонты ма схæцут уæ фатертæ æфснайыныл, нæй дыргъдæтты, быдырон куыстытæ æмæ æндæр архайд кæнæн. Цы уæ фæнды, уыдæттæй уæхи хъуаг ма ныуудзут, арæхдæр тезгъо кæнут, цæут киномæ, уазæгуаты, алыхуызон зæрдæхъæлдзæггæнæн мадзæлттæм;

7. Фæлладуагъды рæстæг бирæтæ сахуыр вæййынц царды æндæр фæткыл, бирæ фæстæдæр сыстынц райсомæй, уæддæр ма сæ хуыссæг фæахсы. Уымæ гæсгæ ацы ахуыр зын фехалæн вæййы отпусчы фæстæ рæстæг. Организмыл цæхгæр ивддзинæдтæ цæмæй ма фæзыной, уый тыххæй бацархайут раздæр хуыссæнуат бацагурыныл. Уымæн æмæ уæм райсомæй цас фылдæр тыхтæ уа, уыйас æнцондæрæй цæудзæн уæ куыст.

**БЕСЛЕХЪОТЫ Ирæ, дохтыр**

Хорзы фæд нæ сæфы

# Намысджын цардвæндаг

**Цард рæсугъд у хистæр æмæ кæстæры æгъдауæй, загътой -иу нæ фыдæлтæ. Ацы ныхæсты хъуыды мæм тынгдæр хъары, мæ фарсмæ чи нал ис, уыцы хистæр, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты æмæ фæллойы ветеран Мыртазты Дауырбеджы намысджын царды къахдзæфтыл, йæ рухс номы дæр цы фарн уыди, уый рухсæй хи рæвдаугæйæ. Цы зыдта æмæ цы æмбæрста цардыуагæй, фыдæлты æгъдау æмæ бинонты фарныл куыд аудыдта, уый бæрæг уыд йæ бæстон хъуыддæгтæй, йæ дзырд æмæ уæззау зонды хорзæхæй. Адæмыл уыд йе 'ппæты стырдæр мæт. Сæ цин æмæ дзаг цæсты рухс — йæ амонд.**

Дауырбег (мады номæй Дабетт) райгуырд 1919 азы Заманхъулы хъæуы. Йæ лæппуйы бонтæ арвыста хæдзары куыстытæ кæнгæйæ. Ахуыр æмæ чиныг та уыдысты йе стырдæр фæндагамонджытæ.

Хъæууон скъолайы ахуыры фæстæ йæ зонындзинæдтæ фæфылдæр кодта Хъæууонхæдзарадон институты фосдарынады хайады. Уыцы-иу рæстæг каст фæци шофыры курсытæ дæр. Уалынмæ йæм фæсидтысты Сырх Æфсадмæ. Уым æй æрæййæфта Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Дауырбег хъæбатырæй архайдта Мæскуы, Курск, Варшавæ, Берлин знагæй ссæрибар кæныныл карз æмæ тугуарæн тохты. Фæлæ суанг йæ зæры бонмæ дæр нæ уарзта йæ хæстон фæндæгты тыххæй, æппæлæн ныхас кæнын. Фæлæ-иу арæх æрымысыд, йе 'фсымæр, зындгонд поэт Мыртазты Барисимæ дыууæ хатты куыд фембæлд, уый. Уыцы цау дæр бæлвырдæй никуы радзырдта, фæлæ йын уыцы фембæлд бирæ æхсызгон уысмтæ кæй балæвар кодта, уый зынд йæ цæстыты æхсызгон æрттывдæй.

Дауырбег Фыдыбæстæйы Стыр хæстæй йæ райгуырæн хъæумæ æрыздæхт 1946 азы. Йæ фæтæн риуæй тæмæн калдтой йæ лæгдзинад æмæ æхсарыл дзурæг хорзæхтæ — Сырх Стъалыйы æмæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты 2-аг къæпхæны ордентæ, майдантæ Мæскуы, Варшавæ, Берлин райсыны æмæ Германыл фæуæлахизы тыххæй.

Уæззау зондыл хæст, æгъдауджын, фендджын, цардфæлтæрд хистæр Дауырбег никуы раппæлыд йæхицæй, тохы цы лæгдзинад равдыста, уымæй. Фæлæ адæмæн хæрзты цæуын, цардарæзты фарныл архайын, кæстæрты раст хъомыл кæнын уыдысты йæ царды рухсдæр æмæ сæйрагдæр нысантæ.

Хæсты фæстæ йæ ахуыр кæронмæ ахæццæ кодта Цæгат Ирыстоны АССР-йы партион скъолайы. Уый фæстæ ма æнтыстджынæй каст фæци Ростовы уæлдæр партион скъола. Йæ арф æмæ бирæвæрсыг зонындзинæдтæ æнæвгъауæй амыдта хъæуы æмæ Рахизфарсы районы цæрджытæн.

Дауырбеджы ныхасмæ хъуыстой, йæ уынаффæйæн аргъ æмæ кад кодтой Рахизфарсы районы партион оргæнты разамынд, фабрикæты æмæ заводты, хъæууонхæдзарадон, базарадон куыстуæтты бæрнон кусджытæ.

Бирæ азты Дауырбег уыд колхоз "Ирыстон"-ы сæрдары хæстæ æххæстгæнæг. Зæххы æмæ фосдарынады куыст, партион рухсады алы фæзилæнтæ зыдта бæлвырд æмæ бæстонæй. Алкæмæн дæр æй фæндыд хæрзты цæуын æмæ йын уыцы хъуыддаджы æнтысгæ дæр бирæ бакодта.

Абон Заманхъулы иу хæдзар дæр ахæм нæй, йæ хорзы кой йын чи нæ ракæны. Йæ алы уæнгæй, йе сныхасæй, йæ уæздандзинад æмæ намысæй Дауырбег уыд



фæзминаг. Куыд партион рухсады разæнгарддæр архайæг, афтæ йæ къам хаст уыд Цæгат Ирыстоны партийы облæстон комитеты Кады фæйнæгмæ.

Йæ фæллойадон æмæ партион куысты сгуыхтдзинæдты тыххæй йын лæвæрд æрцыд ЦИАССР-йы Сæйраг Советы Президиумы Кады грамотæ.

Арæх-иу æм уазæгуаты уыдысты зындгонд историктæ, телеуынынады æмæ радиойы уацхæсджытæ Хуыдæлты Темырсолтан, Таутиаты Умар, Цæрукъаты Таймураз, Мыкагъаты Азæ æмæ Моргуаты Ладæ.

Царды æмæ партион куысты алы фарстатыл йæ мидисджын уацтæ мыхуыр кодта газеттæ "Коммунизмы тырыса", "Блокнот агитатора" æмæ "Рæстдзинад"-ы.

Куыд фæллойы æмæ тохы цæхæры æхсыст лæг, афтæ Дауырбегмæ уынаффæмæ цыдысты хъæуы цæрджытæй алы кары минæвæрттæ, Мыртазты мыггаджы астæуккаг æмæ кæстæр фæлтæр. Се 'ппæтæн дæр æгъдау æмæ кад кодта йæ царды фæстаг бонтæм. Йæ хæдзар уазæгæй цух никуы уыд. Цæхх-кæрдзын æмæ уæздан мидбылхудтæй-иу дзы алкæмæн дæр лæггад кодта йæ зæрдæхæлар бинойнаг Сидахъаты Бубæ. Уыцы уаг æмæ æгъдау абон рæсугъдæй цардмæ хæссынц сæ кæстæртæ æмæ уыдоны цот: Мурат, Алик (цалдæр азы размæ амард, рухсаг уæд) Алан, Ларисæ, Дианæ, Викториа, Мæдинæ, Замирæ, Сослан, Вероникæ æмæ Валери. Уыдонæй алчидæр зоны, сæ кадджын хистæр — Мыртазты Дауырбег адæмæн цы хæрзты цыд, уый, æмæ ын йæ намысыл сæ иу дæр ауун æппарын нæ уадзы. Фæзминаг сты сæ куысты, ис дзы кад сæ хиуæтты æмæ хæлæртты æхсæн.

Дауырбег йæ цардæй ахицæн 1998 азы. Йæ ном цæры йæ уарзон бинонты, хиуæтты æмæ Мыртазты мыггаджы æхсæн.

Заманхъулы цæрджытæй йæ алчидæр хъуыды кæны. Лæгау лæджы намысæн йæ фарн æнусон вæййы, сæфæн æмæ йын байсысæн нæй.

**ГАСАНТЫ Валери**

Банкон системæ

## Гæххæттын мæнг æхцатæ

**Цæгат Ирыстоны Национ банчы пресс-службæ куыд фехъусын кодта, афтæмæй ацы азы фыццаг æмбисы нæ республикæйы банкон системæйы раргом сты 25 уæрæсейаг гæххæттын мæнг æхцайы.**



Раздæр куыд уыд, афтæ ныр дæр арæхдæр сæмбæлæн ис стыр мæнг æхцатыл. Раргом уæвæг гæххæттын мæнг æхцатæй 16 сты фондзминон гæххæттын æхцатæ, 5 — минсомонтæ, 4 та — дыууæминон гæххæттын æхцатæ.

— Уæрæсейы гæххæттын æхцаты æцæгдзинады æвдисæнты тыххæй хабæрттæ базонæн ис Уæрæсейы Банчы сайты хайад "Æрмæджы æхцайы зилдух"-ы, стæй лæвар мобилон уæлæфтуан "Уæрæсейы Банчы гæххæттын æхцатæ"-йы.

Æхцаты æцæгдзинад бæлвырд кæныны рæстæг æргом цавæр æууæлтæм æмбæлы аздахын, уæлæфтуан уый амоны, — зæгъы Уæрæсейы Банчы цæгатирыстойнаг хайады дæлхайады хицау **Едзойты Азæмæт**.

Цæгат Ирыстоны Национ банчы специалистты ныхасмæ гæсгæ, сæрмагонд техникæйæ нæ пайда кæнгæйæ, цыфæнды адæймагæн дæр ис æхцатæ сбæлвырд кæныны фадат. Уæрæсейы Банчы гæххæттын æхцатæ ифтонггонд сты цалдæр ахæм хъахъхъæнæг æвдисæнæй (ныхас цæуы згъæрджын æндахыл, рухсмæ зынæг донæй нысантыл, æвзæр уынæг адæмæн рельефон фыстытыл, кæсыны къул фæивгæйæ, сбæлвырд кæнæн кæй ис, ахæм æмбæхст нывтæ æмæ æндæртыл).

Æцæгдзинад рахатынæн гæххæттын æхцайыл сбæлвырд кæнын хъæуы æппынкъаддæр æртæ хъахъхъæнæг æвдисæны.

**Нæ уацхæссæг**

Юбилей

# Цæры дзы аивад, уый та – аивады

**Удцырен, романтикон удыхъæды хицау, нывгæнæг ДЖЫККАЙТЫ Мураты уацмыстæ дзаг сты арф æмæ æхсидгæ æнкъарæнтæй, ис сæ адæймаджы драматизм æмæ уды тыхы уæлахиз. Йæ нывтæ нæ сæхимæ æлвасынц царды æцæгдзинадæй, æрдзон хуызтæй, сты декоративон, ис сын уæрæх æмæ сæрибар авналæнтæ, хицæн кæнынц сæ ирд æмæ кæркæ-мæркæ ахорæнтæй. Адæймаджы дисы æфтауынц йе сфæлдыстады уæрæх гæнæнтæ. Уый зæрдиагæй архайы нывгæнынады, бирæ тухæн кæны графикæйы къабазы, кусы театралон афишæтæ æмæ плакаттыл, фæлгонц кæны чингуытæ, уæлæдарæсы декорациты эскизтæ, монументалон-декоративон архайд дæр дзы нæ рох кæны. Уый арæхстджынæй пайда кæны кърандас, пъеро, цъылынæг, фломастер æмæ тушæй. Йæ зæрдæскъæф нывтæ хицæн кæнынц æнæлаз æцæг артистизм æмæ алæмæтдзинадæй. Реалон царды нывтæ æмæ æцæгдзинад иумæ бахсидынц æмæ йын свæййынц аивадон фæлгонцы æцæгдзинад.**

Джыккайты Муратмæ ис ахæм стæм курдиат, æмæ йæ уацмысты йæ бон у адæймаджы удмæ ныккæсын, æрдзы, царды сусæгдзинад басгарын. Уый йе сфæлдыстады архайы сæ философон æцæгдзинад раргом кæнынил. Ис ын ныв кæныны йæхи сæрмагонд техникæ, йæ нывтæ къамты къопиты хуызæн не сты, фæлæ сæ цард змæлгæ кæны. Нывгæнæджы уацмысты æндзыг, механикон формæтæ нæ фендзынæ. Нывгæнынады гæнæнтæ хорз зонгæйæ, уый арæхстджынæй æвдисы змæлды процесс æмæ архайды динамикæ. Уый хорз арæхсы, хуызтæ æмæ рухсæй архайгæйæ. Джыккайты Мураты алывæрсыг уацмысты ирдæй зынынц царды æцæг хорздзинæдтæ, уыдонæй мах бирæ хатт фæхицæн вæййæм. Нывгæнæг, график æмæ дизайнер, цыма, рæстæгмæ аивадуарзджыты æрдзы мидæг батайын кæны, цæмæй йæ мах бамбарæм æмæ бауарзæм. Уый та йæ къухы бафты, æрмæст йæхи æрмдзæф ын кæй ис, уымæ гæсгæ. Нывгæнæг уд бауадзы йæ уацмысты, æрдзы иннæрдæм ахизынц йе 'нкъарæнтæ, æмæ йын йæ традицитæ ахуыр кæнгæйæ, рагзамантæй абонмæ, Джыккайты Мурат саразы национ хъайтары фæлгонц, кæцы фæхайджын вæййы, райсы рагон хъобайнæгты, скифты, сæрмæтты, аланты, нырыккон ирæтты удыхъæды миниуджытæ. Уыдон сты нæлгоймæгты, сылгоймæгты монументалон фæлгонцтæ. Хицæн кæнынц се стыр хъару æмæ рæсугъддзинадæй, ис сын фидар удхъомыс, сæ цæсгæмттыл зыны уæздан, сæрыстыр æнгæс. Нывгæнæджы уацмысты сæхи миниуджытæ æмæ гуырахстты алыхуызондзинад ис цæргæбонты. Алфамбылайы фæлдзус, æрдз, уæлæдарæс, хæстон гæрзтæ равдисынил бакуыста ног дизайнерон домæнтæм гæсгæ.

Ирыстоны æрдз, йæ хæхтæ æмæ быдыртæ баст сты адæмон монон культурæимæ — уыдон сты стыр хæзнаты æмæ райдианты-райдиан. Хъæуы сæ хъахъхъæнын æмæ аргъ кæнын. Æппæт уыдæттæ Джыккайты Мурат æвдисы стыр аивадон тыхимæ. Кусы импровизацион хуызы, фæлæ нывыл, æгъдауыл, йæ уæлмонц æнкъарæнтæ равдисынмæ тагъд кæнгæйæ. Фæлдисæг йæхи банкъары æрдзы иу хайæ, æмæ йын уый дæр йæ сусæгдзинæдтæ раргом кæны. Уымæн йе сфæлдыстады бахæсгæ ницы ис, мæнæ йыл, цыма, техногенон цивилизаци æппындæр нæ фæзынд, афтæ. Æрдзон хуыз, æнæцæстмæми æмæ æнæсайд — уыдон сты йæ сæйрагдæр æууæлтæ. Хæххон æрдзы сывæллон цы хъуыды кæны æмæ æнкъары, уый дзургæ дæр кæны, цæстмæми маскæтæ нæ хæссы. Уымæ гæсгæ нæ уарзы бæрæгбоны ныхæстæ кæнын, æмæ афтæ фæлдисын, æнкъарын йæ бон у, ницавæр ихсыд сагъæстæ йын хъыгдарынц йе сфæлдыстадон уынынад.

Джыккайты Федыры фырт Мурат райгуырд 1947 азы 1 августы Хуссар Ирыстоны Дзомагъы хъæуы. Йæ фыд Федыр, аст сывæллоны фыд, ацыд фронтмæ Райгуырæн бæстæ немыцаг фашистон тыхгæнджытæй хъахъхъæныны сæраппонд. Хæсты кæрæй-кæронмæ уыд фронты, Кавказæй суанг Берлинмæ бахæццæ, цæмæй йæ бинонтæм уæлахиздзауæй сыздæхa. Уыцы уæззау азты æнæнхъæлæджы амардысты йæ дыууæ чызджы, нал сæ сæййæфта, дыууæ азы фæстæ та йыл хорздзинад æрцыд — райгуырд фарæстæм сывæллон — фырт Мурат. 1952 азы Джыккайты бинонтæ ралыгъдысты Цæгат Ирыстонмæ æмæ цæрæн бынатæн равзæрстой Камбилеевкæйы хъæу. Ацы ран чысыл Мурат базонгæ Ирыстоны бидираг æрдзы рæсугъддзинадимæ. Йæ фыд куыста колхозы, уымæ гæсгæ йæ кæстæр фырты арæх йемæ кодта хос кæрдынмæ, сугтæ цæттæ кæнынмæ, тыллæг æфснайынмæ. Афтæ, фидæны нывгæнæг йæ зæрдæмæ арф айста райгуырæн уæзæджы рæсугъддзинад æмæ хъæздыгдзинад æмæ йæ фæстæдæр ирдæй равдыста йе сфæлдыстады.

Мурик (афтæ йæ хонынц хиуæттæ, хæстæджытæ) ныв кæнын райдыдта, саби ма куы уыд, уæд. Йе 'мгæртты кæд хæдтулгæтæ, дамбацатæ хъуыд, уæд уымæн та хуымæтæджы кърандас æмæ альбомы гæххæтты сыф йеддæмæ мацы ратт. Хæстыфæстæйы уæззау азты хуызджын кърандæстæ самал кæнынил хъуыды дæр нæ кодта. Фæлæ сывæллон ныв кæнын уарзы, уый ныййарджытæ куы банкъардтой, уæд ын паддзахы лæвар ракодтой —балхæдтой йын хуызджын кърандæсты къопп. Æрыгон нывгæнæгæн уый уыд стыр сфæлдыстадон цау йæ царды. Хуыздæрæрдæм ыл ахадыдта уый дæр, æмæ Джыккайты бинонтæ аргъ кодтой сæ нывгæнæг сывæллæттæн. Хæхбæсты цæргæйæ, æвзæр нæ ныв кодтой йæ хистæр æфсымæртæ — Хетæг, Солтан, Рутен. Сæ хъуыддаг сын адарддæр кодта иннæ хистæр æфсымæр Шамил. Уый поэзийы сыгъзæрин бæхы барцыл куы фæхæст, уæд æй раивта Мурат æмæ йыл йæ зæрдæ нал сивта. Райдайæн скъолайы ахуыргæнгæйæ, фæзмыдта зындгонд нывгæнджыты. Уыцы азты йæ бирæ нывтæ абон дæр сты нывгæнæджы архивы. Уæд районты центрты нæма уыд аивæдты скъолатæ, уымæ гæсгæ йæ ныййарджытæ хъуыды кодтой йæ фидæныл. Бинонтæ бауынаффæ кодтой, цæмæй бацæуа Цæгат Ирыстоны 1-æм педагогон училищæйы аивадон-графикон хайадмæ. Бацæуæн фæлварæнтæ æнтыстджынæй ратгæйæ, Мурат ссис уыцы ахуыргæнæндоны ахуырдзау. Ардыгæй рацыд национ культурæ æмæ аивады бирæ зындгонд архайджытæ, уæлдайдæр аивадон интеллигенцийы минæвæрттæ. Камбилеевкæимæ абаргæйæ, стыр горæты æхсæрдæсаздзыд Мурат нæ фæтыхст æмæ æдзухдæр бæрæг кодта Дзæуджыхъæуы музейтæ, цыд театртæм. Уый мæйгæйтты фæлдæхта æмæ каст нывгæнынады аивады зындгонд альбомтæ, ахуыр сын кодта сæ ныв кæныны техникæ, се сфæлдыстадон æрмдзæфы сусæгдзинæдтæ. Антикон нывгæнджыты, уæрæсейаг нывгæнынады скъолайы классиктæм гæсгæ, Мурат сахуыр кодта ныв кæныны алыхуызон хуызтæ. Нывгæнæджы хъуыдæджы баззадысты йе сфæлдыстадон биографийы уыцы азты бирæ мысинæгтæ.

1967 азы Джыккайты Мурат каст фæци Цæгат Ирыстоны 1-æм педучилищæйы аивадон-графикон хайад. Иннæ райдайгæ нывгæнджытау Мураты фæндаг дæр æнцон нæ уыд. Æппæт Уæрæсейы дæр нымад ахуыргæнæндон ын фадат радта нывгæнынады аивад бындурондæрæй ахуыр кæнынæн, удуæлдайæ, быхсонæй куыста йæхиуыл, уæлмонцæй тырныдта йæ нысанмæ, æмæ йыл уыцы миниуджытæ хорзæрдæм фæзындысты. Æмæ æрмæст уый нæ. Ахуыргæнæндоны разамонджытæ йыл сæ цæст æрæвæрдтой, ахуырдзау фæсивæды 'хсæн дæр уыд нымад, æмæ йæ 1966 азы равзæрстой фæскомцæдисон организацийы нымæрдары хæдивæгæй, уыцы-иу рæстæг уыд ахуыргæнæндоны сæйраг фæлгонцгæнæг дæр. Уымæй йæм равдыстой стыр æууæнк. Фæлæ куыд рабæрæг, афтæмæй йæ удыхъæды æхсæнадон куыст кæнын нæ уыд, бирæ рæстæг ыл хардз кодта. Кæй зæгъын æй хъæуы, раздæры хуызæн сфæлдыстадон куыст нал кодта. Педучилищæ иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст куы фæци, уæд æй канд сфæлдыстадон куыст нæ кодта разæнгард, фæлæ тырныдта йæ ахуыр адарддæр кæнынмæ дæр. Фæлæ уыцы рæстæджы æнæ уæлейæ æхxуысæй Мæскуыйы уæлдæр ахуыргæнæндонмæ зын бацæуæн уыд. Уымæ гæсгæ æрыгон нывгæнæг ссардта уыцы зын уавæрæй рацæуыны фадат. Ахуыр кæнынмæ бацыд Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл пединституты историон факультетмæ. Æмæ йын æхсæнадон куысты куыд рауад, афтæ ам дæр ныууагъта йæ ахуыр, уымæн æмæ йæ историйы ахуыргæнæг уæвын нæ фæндыд. Æмæ Мурат Мæскуымæ йæхи фæхæстæгдæр кодта. Фыццаг уал бацыд Долгопрудныйы машинæтæаразæн заводмæ техникæй.

Кæй зæгъын æй хъæуы, гуманитарийæн зын уыд техникон куыстуаты кусын, сабыр æй кодта æрмæст уый, æмæ йæ фыццаг куыстадон стаж кæй уыд. Заводы техникæй кусгæйæ, Мурат ахуыр кодта ног дæсныйады сусæгдзинæдтæ, фæлæ йын уæддæр профессион нывгæнæг суæвыны бæллиц æнцой нæ лæвæрдта. Адæймаджы исты зæрдиагæй куы фæнда, уæд йæ бæллиц уæддæр искуы сæххæст вæййы. Афтæ рауад Мураты хъуыддаг дæр: 1968 азы иу æмæ ссæдзаздзыдæй ссис С. Строгановы номыл Мæскуыйы паддзахадон аивадон-промышленнон университеты монументалон-декоративон аивады графикон дизайнеры хайады студент. Йæ хъул сах абадт, профессортæ М. Марков æмæ С. Радионовайы сфæлдыстадон æрмадзмæ кæй бахауд, уымæй. Уыцы сфæлдыстадон фембæлдмæ Мурат бирæ фенхъæлмæ каст.

Зындгонд куыд у, афтæммæй алы ног курдиатджын нывгæнæджы размæ дæр йе сфæлдыстадон фæндаджы райдайæны слæууы хи сæрмагонд фæндаг ссарыны фарста. Джыккайты Мурат нывгæнынады аивады ссардта ахæм фæндаг. Номдзыд ахуыргæнæндоны Мурат райдыдта уымæй, æмæ лыстæггай сахуыр кодта "Строгановы нывы скъола" æмæ йын ссардта йæ историйы цымыдисаг сыфтæ, куыд рабæрæг, афтæмæй ахуыргæнæндоны бындурæвæрæг, граф Сергей Строганов уыд генион разамонæг. Промышленникы фæдон, 1812 азы Фыдыбæстæйы хæсты архайæг, уый уыд, Уæрæсейы культурæйы рæзтмæ стыр бавæрæн чи бахаста, уыдонæй иу. Джыккайты Мураты цæстытыл уадысты, уыцы скъолайы райдайæны лæппутæ æмæ чызджытæ куыд ахуыр кодтой нывгæнынады аивады сусæгдзинæдтыл. Ирыстоны æрыгон минæвар уæлдай дис кодта, училищæ йæ къæхтыл куы слæууыд, уæд æй Мæскуыйæн кæй балæвар кодта, ууыл. Æмæ уæдæй фæстæмæ "скъола" хуыйнын райдыдта декоративон аивады нывгæнджытæ цæттæгæнæн паддзахадон ахуыргæнæндон. Фæлæ уæддæр æхххæст кодта йæ бындурæвæрæджы домæнтæ, демократон, адæмон скъола уæвын, Уæрæсейы æхсæнадон æмæ культурон цардæн дæсны специалисттæ цæттæ кæныны хъуыддаджы.

Джыккайты Мурат куыд бамбæрста, афтæмæй ацы ахуыргæнæндоны уыд диссаджы ахуыргæнджытæ. Уыдон канд Антикон æмæ æндидзæн дуджы аивад нæ зыдтой иттæг хорз, фæлæ сæ удты æхсыст адæмы фарн. Цымыдис лæппу хуыздæр æмбарын райдыдта, историйы алы къæпхæн дæр, йæ социалон æмæ экономикон æнкъуыстытимæ, йæ рæстæджы мидисæй баргæ кæй у, уый. **Джыккайты Мурат цæрæнбонтæм йæ зæрдыл бадардта Сергей Строгановы ныстуан: нывгæнынады аивады дæсны куы нæ уай, уæд никæцы æрмдæсныйæн у йæ бон йæ конд дзаумæттæ иттæг хорз саразын.** Æрыгон строгановон зыдæй ахуыр кодта училищæйы ахуыргæндты методикон æрмæджытæ, монографитæ æмæ ахуыргæнæн чингуытæ. Дыууæсæдæаздзыд училищæ бирæ хæстæ æвæрдта йæ ахуырдзаутыл, уыимæ, Муратыл дæр. Хъуыддаг ахуыргæнæндоны азты мидæг нæй, фæлæ йæ эстетикон хъомыладыл.



Джыккайты Муратыл сæххæст 75 азы



"Аланты хæст гунтимæ"



"Нарты æрыздæхт цуанæй"



"Нарты бæстæйы"

Ахуыры фæстæ сæрибар рæстæджы библиотекæйы иллюстративон фæлгонцгонд чингуытæ фæлдахгæйæ, æрыгон нывгæнæг æдзух йæхицæн дзырдта, зæгъгæ, куыд хорз сты Леонардо да Винчи æмæ Сальвадор Далийы нывтæ. Йæ зæрдыл уæлдай тынгдæр бадардта Ван Гогы ныхæстæ: **"Цы у нывгæнынад?.. Уый у æнæуынгæ æфсæйнаг къулы иннæрдæм ахизын, ома, уый лæууы, цы æнкъарыс æмæ дæ бон бакæнын цы у, уыдоны 'хсæн".**

Джыккайты Мурат йе 'мкурсонтæн дзурын уарзта, зæгъгæ, уыцы стыр голландийаджы хуызæн куы æнкъарай **"сфæлдыстады хъизæмæрттæ, уæд дын тас нæу, æмæ уый фæстæ профессион уай æви аивадуарзæг, уæддæр дæ нывгæнæг".** Мурат канд зæрдиаг ахуыр æмæ куыст нæ кодта, фæлæ уыдис фæскомцæдисон раздзог графикон дизайны хайады студенттæн. Иу æмæ дыууæ хатты нæ райста ахуыргæнæндоны ректораты, профкомы, фæскомцæдисы комитеты, Мæскуыйы фæскомцæдисы Ленинграды райкомы, Мæскуыйы фæскомцæдисы горкомы Кады гæххæттытæ. Æхсæнадон куыст æй нæ хъыгдардта йе сфæлдыстадон рæзты. Æртыккаг курсы студент уæвгæйæ, йæ куыстытæ уыдысты алыхуызон равдыстыты. Йæ фыццаг равдысты архайдта Мæскуыйы 1971 азы. Уыцы æппæтуæрæсеон равдысты архайдтой УСФСР-йы æппæт автономон республикæты нывгæнджытæ.

Сергей Строгановы номыл училищæ каст фæуыны фæстæ Джыккайты Мурат сыздæхт Ирыстонмæ. Кæд æм Мæскуыйы цалдæр сфæлдыстадон организацийы хатыдысты уыдонмæ йе сфæлдыстадон карьерæ адарддæр кæныны тыххæй, уæддæр. Ам райдыдта коммæ нывгæнæджы куыст кæнын. Йæ фылдæр рæстæг хардз кодта монументалон-декоративон аивады уацмыстыл. Уыцы азты сфæлгонц кодта бирæ культурон, промышленнон объекттæ. Техникæйы сæйрагдæр хуызтæ арæхдæр уыдысты: мозаикæ, фрескæтæ. Нæ рох кодта равдыстыты архайын дæр. Ахуыры фæстæ Джыккайты Мурат уыд бирæ равдыстыты архайæг, куыд нæ республикæйы, афтæ Уæрæсейы æмæ фæсарæнты дæр. Равдыстыты-иу фылдæр уыдысты йæ куыстытæ ахæм номинациты: нывгæнынад æмæ графикæ, чингуыты графикæ æмæ графикон дизайн. Уæдæ йын аргъгæнджытæ дæр куыннæ уыдис. **1974 азы чиныджы аивады æппæтуæрæсеон равдысты йæ куыстытæн лæвæрд æрцыд 2-аг къæпхæны диплом. Ирон литературæйы сывæллæтты антологийы дыууæтомон "Хурзæрин" ссис бирæтæн уарзон.**

Фæстæдæр æм фæсидтысты æфсады рæнхъытæм. Советон æфсады рæнхъон салдат йæ хæстон фыды ном нæ фæчъизи кодта. Уый йе 'мбæлтты 'хсæн канд йæ карæй нæ хицæн кодта, фæлæ, йæ зонд æмæ хъуыддагмæ профессион цæстæй кæй каст, уымæй. Полчъы командыгæнынад ын уайтагъд бафиппайдта йæ курдиат æмæ дзы спайда кодта æфсæддон хайы. Æрыгон нывгæнæг æфсæддон городочы къæсæрæй куы бахызт, уæд уыд рагæй æнæзылд, æвидауц. Мурат службæ куы фæци, уæд йæ фæстæ та баззад гом арвы бын музейы уынæнæй. Фæлгонцгонд, бæстонæй ныууагъта полчъы ленинон уат дæр. Джыккайты Мурат цы сфæлдыстадон хайы службæ кодта, уый, цæстуынгæ агитацийы æмбæзадмæ гæсгæ, Цæгат Кавказы æфсæддон зылды уыд хуыздæртæй иу. Полчъы хицæуттæн зын уыд Мураты хуызæн курдиатджын адæймагæй фæхицæн уæвын, фæлæ...

1976 азы Джыккайты Мурат архайдта УФ-йы Нывгæнджыты цæдисы 4-æм съезды куысты. Уым æй равзæрстой Правленийы нымæрдарæй. Бирæ хъарутæ æмæ рæстæг хардз кодта уыцы куыст кæнгæйæ. Йæ организаторон курдиат уæлдай тынгдæр раргом Советон Цæдисы Нывгæнджыты цæдисы (1977) æмæ Уæрæсейы Нывгæнджыты цæдисы 5-æм съездтæм цæттæгæнгæйæ (1981). 1978 азы йæхи разамындæй Дзæуджыхъæуы арæзт æрцыд фыццаг зоналон аивадон равдыст **"Хуссары графикæ"**. Равдыстæн уыд стыр æнтыст, йæ кой айхъуыст Уæрæсейы æппæт сфæлдыстадон организацитыл дæр. Уыцы азты Джыккайты Мурат бирæ хæттыты æвзæрст æрцыд Цæгат Ирыстоны Аивадон фонды советы æмæ уарæг къамисы сæрдарæй (1982-1990), Цæгат Ирыстоны Нывгæнджыты цæдисы сæрдары хæдивæгæй (1986-1989), адæмон кæфтыты дунеон фестивалы жюрийы уæнгæй, сæйраг нывгæнæгæй — **"Дзæуджыхъæуы сæуæхсидтæ"**-йы (1990, 1992, 1994).

Организацион æмæ разамонæджы куыстытæй уæлдай Мурат кодта зæрдиаг сфæлдыстадон куыст. Архайдта алыхуызон равдыстытæ æмæ конкурсты, чингуытæн кодта нывтæ. Ацы ран ирддæрæй рабæрæг йæ курдиат. Йæ нывтæй саив кодта 150 чиныджы æмæ журналы Дзæуджыхъæуы, Бетъырбухы, Мæскуыйы, Парижы, Будапешты, Римы æмæ æндæр горæтты рауагъдæдты. Уæлдай хуыздæр иллюстрацитæ скодта Нарты кадджытæ æмæ ирон адæмон аргъæуттæм. Мураты сфæлдыстады сæйрагдæр бынæттæй иу ахсы графикон дизайн. Нывгæнæджы къухæй рацыдысты, культурон, информацион æмæ рекламон мидис кæмæн ис, бирæ ахæм плакаттæ. Советон Цæдисы æмæ УФ-йы Бæстæзонынады министрады уагъд æрцыд, нывгæнæг алы азты кæуыл бакуыста, дæсгай ахæм маркæтæ æмæ посты къонверттæ. 1994 азы Джыккайты Мурат рамбылдта конкурс æмæ скодта РЦИ-Аланийы Паддзахадон герб. Уый сфидар кодтой Бетъырбухы УФ-йы Президенты цур Уæрæсейы паддзахадон геральдикон къамис æмæ РЦИ-Аланийы Парламент. Алыхуызон къамисты жюрийы уæнгты зæрдæмæ тынг фæцыд нæ республикæйы сæйраг символы арф философон хъуыды.

Джыккайты Мураты дæсгай куыстытæ самал кодтой Уæрæсейы Культурæйы министрад, бæстæйы равдыстыты Дирекци, Дзæуджыхъæуы, Курскы, Пензæйы æмæ æндæр горæтты аивæдты музейтæ. Йæ аивадон æмæ графикон куыстытæй бирæтæ сты Германы, Италийы, Норвегийы, Болгарийы, Сирийы, Мæскуыйы, Бетъырбухы, Самарæйы, Ростовы, Рязаны, Ташкенты, Дзæуджыхъæуы хи коллекциты. Фæстаг рæстæг курдиатджын нывгæнæг йе 'ргом тынгдæр аздæхта станокон нывгæнынадмæ. Йæ уацмысты тематикæ æмæ жанр у алыхуызон: историон ныв, портрет, пейзаж, натюрморт. Уымæй уæлдай, проекттæ кæны алыхуызон стыр бæрæгбæттæм цæттæ кæнгæйæ. Уыдис дунеон кинофестивал **"Ника"**-йы сæйраг нывгæнæг. Джыккайты Мураты стыр сфæлдыстадон фæлтæрддзинад æмæ организаторон курдиат нымайгæйæ, нæуæдзæм азты райдайæны йæ æрбахуыдтой кусынмæ ЦИПУмæ. Ам æртын азы ахуыргæнæгæй кусгæйæ, ассистентæй схызт профессоры онг. Уыцы рæстæджы фæхæст ног дæсныйадыл дæр. Уый йын фадат радта бæрзонд ахуырадон-методикон æмвæзадыл лекцион æмæ практикон ахуыртæ кæнынæн. Йæ наукон-сфæлдыстадон авналæнтæ сты уæрæх, алыхуызон æмæ бирæвæрсыг — станокон, чиныджы æмæ промышленнон графикæйæ станокон æмæ монументалон нывгæнынады онг. Нывгæнæг хæст у национ, уæрæсейаг æмæ дунеон нывгæнынады аивады традицитыл. Джыккайты Мураты архайд ЦИПУ-йы аивæдты факультеты у уæзгæ. Йæ хистæр курсы студенттæ æнцонæй æххæст кæнынц нывгæнынады домæнтæ. Йæ цалдæр фæлтæры рауагъдонтæ райстой хорз зонындзинæдтæ, ис сын бæрзонд профессион цæттæдзинады æмвæзад. Уый хорзæрдæм фæзынд нæ республикæйы промышленнон дизайны рæзтыл.

Йæ хъомылгæнинæгтæй бирæтæн сæ къухы æфты стыр æнтыстдзинæдтæ. Йæ наукон-методикон разамындæй 100 адæймагæй фылдæр бахъахъхъæдтой дипломон проекттæ, бирæтæ систы Уæрæсейы Нывгæнджыты цæдисы уæнгтæ, астæй — алыхуызон аивадон равдыстыты уæлахиздзаутæ, дыууадæсæй — УФ-йы Архитекторты цæдисы уынгтæ, архитектурон проекттæ кæнынæй дунеон фестивалты æмæ конкурсты уæлахиздзаутæ æмæ лауреаттæ. Æппæт уыдæттæ хынцгæйæ, Джыккайты Муратæн лæвæрд æрцыд УФ-йы сгуыхт нывгæнæджы кадджын ном. ЦИПУ-йы Джыккайты Мурат разамынд дæтты графикы дизайны æрмадзæн. Йæ рауагъдонтæ кусынц аивады алы хуызты нæ республикæйы æмæ уый æдде. Уыдон кæнынц афишæтæ, плакаттæ, каталогтæ, этикеткæтæ продукцийы алы хуызтæн. Йæ хъомылгæнинæгтæй бирæтæ æнтыстджынæй кусынц рекламон индустрийы, компьютерон графикæйы, дзыллон-информацион фæрæзты нæ республикæйы æмæ æндæр рæтты.

Джыккайты Мурат йæ удуæлдай агурæн куысты, нысанмæ тырнынады фæрцы аивады ссардта йæхи æрмдзæф — реалистон символизм — академион æмæ авангардонимæ. Йæхимæ йæ æдзухдæр здæхтой ирон адæмон аргъæуттæ æмæ таурæгъты мифологион сюжеттæ. Хорз ыл сахадыдтой европæйаг мифологион традицитæ дæр. Фæлæ нывгæнæджы уæлдай тынгдæр цымыдис кодтой Нарты кадджытæ æмæ дунейы иннæ адæмты рагон фольклор. Æцæгæлон ын нæ уыд нырыккон тематикæ — царды цин дæр. Алыхуызон кæркæмæркæ, зæлланггæнаг ахорæнтæй, хурдзыд хуызтæй арæзт сты йæ курдиатджын этюдтæ, пейзажтæ, натюрморттæ. Нывгæнæг кæттагмæ цыдæриддæр хæссы, уыдон сты нывгæнынады иугонд гаммæ, ис сын хæдхуыз гармонийы æнкъарынад æнусондзинады тыгъдады.

Цардмæ йæ удыхъæды ахастæй Джыккайты Мурат у нывгæнæг, нырыккон царды фарстатæ йæ зæрдæмæ арф чи хæссы. Уымæ гæсгæ, йе сфæлдыстад дæр æмзæл у национ æмæ фыдыбæстон нывгæнынадимæ. Мæн ацы ран фæнысан кæнын фæнды йе сфæлдыстадон æмæ хæдхуыз архайды сæйрагдæр здæхэнтæ, йæ куыстхъомдзинад. Ис æм 3000 уацмысæй фылдæр, нывгæнынады алыхуызон жанрты фæндзай фондз азы дæргъы скодта историон архайджыты, мифологон æмæ таурæгъон хъайтарты 900 портреты. Уыдон сты алы дугтæ æмæ адæмтæй. Ис æм дзæвгар нырыккон портреттæ дæр. Уыцы куыстытæй бирæтæ сты нæ бæстæйы æмæ фæсарæнты бирæ хи æмæ паддзахадон коллекциты.

Джыккайты Мураты сфæлдыстад у хæдхуыз æмæ æнахуыр поэтикон дуне. Йæхæдæг цы уыны æмæ цы бавзары, уыдон свæййынц фæсномыг фæлгонцтæ — йæ нывты, графикæ æмæ дизайны поэтикон уаг, сæ философондзинад æнгом баст сты ирон аивадон культурæйы æнусон традицитимæ. Йæ уацмыстæ адæймаджы зæрдæйы ныххизынц гармонийы рæсугъддзинадæй, сабыр сæрыстырдзинадæй, Джыккайты Мураты ахорæнтæ сты арвæрдыны хуызтæ йæ Райгуырæн бæстæйы сæрмæ. Нырыккон ирон аивады патриарх, нæ бæстæйы адæмон нывгæнæг Дзантиаты Юри мæнæ куыд фыста: **"Йæ нывтæ сты ирд æмæ зæрдæмæхъаргæ гимн рухсæн, арвæрдынæн, райгуырæнæн. Ирд колоритон курдиат, хъæздыг фантази сæ зыны. Уыдон æмзæл кæнынц арв æмæ зæххы зарджытимæ. Фæлæ йе сфæлдыстады алыхуызондзинад сæйрагдæр у аивад". Цæры дзы аивад, йæхæдæг та — аивады.** Уымæ гæсгæ схызт гармонийы бæрзæндмæ, ома, иу уацмысы ис лирикæ æмæ монументалондзинад, драматизм æмæ оптимистон райдайæн. Джыккайты Мураты курдиаты тых ис адæймаджы бирæвæрсыгад, курдиат раргом кæнынмæ арæхстдзинады, ссары йын йæ удыхъæды сæрмагонд миниуджытæ æмæ сæ бабæтты царды æцæгдзинадимæ. Афтæмæй дзы рауайы ирд фæлгонц. Ирон аивадон культурæйы традиципы рæзтыл архайгæйæ, Джыккайты Мурат тырны Ирыстоны историон фæндагыл йæ хъуыды зæгъынмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, йæ уацмысты нывгæнæг цыдæриддæр хорзæй сарæзта, уым зыны йæ ирд курдиат, хъæздыг уды фарн, рæстæджы сагъæстæм, йæ алыварс цыдæриддæр цæуы, уыдонмæ йе 'нкъараг зæрдæйы ахаст.

**ХОЗИТЫ Барис**

Спортивон фидиуæг



Уæззау атлетикæ

# Уыдысты Олимпиаг фæндаггомгæнджытæ

**Ирыстоны спортсментæ дунейы стырдæр æмæ кадджындæр ерысты цы спорты хуызтæй фесгуыхтысты, уыдонæй иу у уæззау атлетикæ.**



АКЪОТЫ Артур

Уæззау атлетикæ, куыд спорты хуыз, йæ рæстæджы хаст æрцыд, Олимпиаг хъæзтытæ 1896 азы ногæй арæзт куы æрцыдысты, уæд сæ ерыстæ цы спорты фараст хуызæй цыдысты, уыдон номхыгъдмæ.

Ирыстоны спортсментæ Олимпиаг хъæзтыты фыццаг хатт архайдтой 1956 азы Австралийы, горæт Мельнбурны. Советон Цæдисы уæгъдибар хъæбысхæсты иугонд командæйы уыдысты Хъуылаты Бази æмæ Бестауты Алымбег. Мельнбурны Хъуылаты Бази бацахста 2-аг бынат, Бестауты Алымбег та рацыд 3-аг бынатмæ.

Бази æмæ Алымбег фæндаг айгæрстой Ирыстоны иннæ богæлттæн æмæ, Мельнбурны цы 16-æм Олимпиаг хъæзтытæ цыдысты, уыдоны фæстæ нæ уæгъдибар хъæбысхæцджытæ цыппар азæй цыппар азмæ уыдысты дунейы æппæты кадджындæр ерысты архайджытæ.

Фæстæдæр, 1980 азы Мæскуыйы цы 22-æм Олимпиаг хъæзтытæ цыдысты, уым та нæ таурæгъон богал Андиаты Сосланæй уæлдай æнтыстджынæй ерыс кодтой ирыстойнаг фехтовальщиктæ Цæгæраты Ларисæ æмæ Александр Можаев.

Уымæй дыууадæс азы фæстæдæр, 1992 азы испайнаг горæт Барселонæйы 25-æм Олимпиаг хъæзтыты фыццаг хатт архайдтой ирон штангисттæ.

Нæ бæстæйы иугонд командæйы рæнхъыты уыцы стыр кады аккаг систы Таймазты Тимур æмæ Акъоты Артур. Сæ дыууæ дæр уыцы рæстæгмæ уыдысты ССР Цæдисы æмæ Европæйы чемпионтæ. Уымæй уæлдай ма Акъоты Артур 1991 азы ссис дунейы чемпион.

Уый та уыд уæззау атлетикæйæ нæ республикæйы спортсменты фыццаг уæлахиз дунеон чемпионатты.

Барселонæйы Таймазты Тимурыл цыдис 22-æм аз æмæ, 100 кг онг уæзы ерыс кæнгæйæ, хæрзчысыл фæхæрд 1-аг бынат бацахсæг, нæ бæстæйы иннæ штангист Виктор Трегубовæн. Афтæмæй Тимур ссис Олимпиаг хъæзтыты æвзист майданæй хорзæхджынгонд.

Афтæ рауад Акъоты Артуры архайд дæр. 110 кг онг уæзы Артур бацахста 2-аг бынат.

Олимпиаг хъæзтыты, фыццаг хатт архайгæйæ, дыууæ æвзист майданы рамбулын у стыр æнтыстдзинад. Уыцы цаутæ æрцыдысты 1992 азы 3-4 августы. Ацы бонты сыл сæххæст 30 азы, æмæ та ногæй зæрдыл æрлæууыдысты, уыцы бонты Ирыстоны спортуарзджытæ куыд цин кодтой Артур æмæ Тимуры фесгуыхтыл, куыд сын куывдтой сæ цæрæнбонæн. Æвæццæгæн, уый дзæгъæлы нæ уыд, æмæ адæмы куывдтытæ Хуыцаумæ фехъуыстысты. Таймазты Тимур уый фæстæ дыууæ хатты сси дунейы чемпион, 1996 азы та АИШ-ы, горæт Атлантæйы ссис 26-æм Олимпиаг хъæзтыты уæлахиздзау! Уыцы ерысты Тимур равдыста æмбисонды лæгдзинад æмæ фæуæлахиз, дунеон рекорд сæвæргæйæ.

Стыр арфæйы аккаг абон дæр ма сты Артур æмæ Тимуры бацæттæгæнæг тренертæ, дзæнæты бадинаг, нæ таурæгъон тренер Акъоты Владимир, Наниты Руслан æмæ Наниты Феликс.



ТАЙМАЗТЫ Тимур

Тимур æмæ Артур 30 азы размæ Олимпиаг хъæзтытæм фæндаг акъæртт кодтой нæ иннæ фæсивæдæн, æмæ, кæд уыдонæй абоны онг сыгъзæрин майдан ничи-ма рамбылдта, уæддæр нæ ныфс ис, уыцы хорз хабар дæр та кæй æрцæудзæн.

Уый фæнды Таймазты Тимур æмæ Акъоты Артуры!

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Автоинспекци

## Балцы фæткæн халæн нæй

**Фæндæгтыл цыдмæ цæст даргæйæ, ивгъуыд къуырийы дæргъы цæгатирыстойнаг автоинспектортæ Фæндагыл цыды фæткы 3396 хæлдæн кæрон сæвæрдтой.**

Æппæт фæткхалджытæй административон бæрндзинад бадомдтой, æрмæджытæ та барвыстой тæрхондонмæ уынаффæ рахæссынмæ. Фæткхалджыты 2 азы æмгъуыдмæ фæцух кæндзысты транспортон фæрæзтæ скъæрыны бардæттæг æвдисæндарæй, стæй сæ 30 мин сомæй фæивар кæндзысты.

Уголовон кодексы 264.1 статьямæ гæсгæ, ноztджынæй транспортон фæрæз дыккаг хатт скъæрыны тыххæй сарæзтæуыд 13 уголовон хъуыддаджы. Амынд статьямæ гæсгæ, адæймагæн рахæссæн ис тæккæ фылдæр æртæ азы дæргъы ахæстоны фæбадыны тæрхон.

Транспортон фæрæзтæ скъæрыны бар кæмæ нæй, ахæм адæймæгтæ хæдтулгæтæ кæй скъæрдтой, уый нымайгæйæ, "Административон барадхæлдтыты тыххæй" кодексы 12.7 статьямæ гæсгæ, 84 адæймагæй бадомдтой административон бæрндзинад.

Паддзахадон автоинспекци раргом кодта фæндаджы ныхмæцæуæг тæлмытыл рацыды 41 цау æмæ сывæллæтты ласыны фæткы 116 хæлды.

Ивгъуыд къуырийы дæргъы нæ республикæйы рауайæг 10 фæндагон-транспортон фыдбылызы аххосæй хъыгдардбаййафæг 24 адæймагæй 7 адæймаджы амардысты.

**Нæ уацхæссæг**

Кæстæрæн — зонинаг

# Куырд куырдыл ахуыр кæны

**Сывæллон, дам, сыгъдæг фыссæн гæххæттæй уæлдай нæу, цы йыл ныффыссай, уый йыл баззайдзæн. ''Нæ'', зæгъгæ, дам, куы сдзуры, йæхи æмбарын та уæд райдайы. Фæлæ уыцы ''нæ'' цæмæй хаххæй ма ахиза, уый тыххæй сывæллонмæ фидар фæлæууын хъæуы, ахуыр æй кæнын хъæуы мадæлон æвзагыл дæр æмæ æгъдауыл дæр.**

Бæлас, дам, талайæ тасы, зæгъгæ, зæгъы ирон æмбисонд. Æмæ алцыдæр афоныл райдайын хъæуы, суанг мады гуыбынæй, кæннод байрæджы уыдзæн.

Кæстæрты хъомыладыл хъуыдыгæнгæйæ, Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд "Ирæтты Уæлдæр Совет" рауагъта чысыл, фæлæ ахсджиаг чиныг ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл "Кæстæрты æгъдау". Йæ саразæг — Кучиты Руслан.

Чиныджы райдайæны ис мæнæ ахæм сидт кæстæртæм: "Нæ зынаргъ кæстæртæ! Æгъдау æмæ йæ домæнтæ цы сты, уый зонут? Уыдон сты ахæм диссаджы уагæвæрдтæ, нæ цард, нæ алы ныхас æмæ къахдзæф дæр нын адæмы 'хсæн рæсугъд чи кæны æмæ нын хорз фæндаг чи амоны. Куы сæ базонат æмæ сæ куы æххæст кæнат, уæд уæ царды къаддæр рæдидзыстут, æнцонæй æвзардзыстут раст митæ æмæ раст ныхæстæ, уыдзыстут хиуылхæцгæ, уæздан, кадджын, æфсармджын, зондзыстут, куыд ныхас кæнын хъæуы хистæртимæ, æмбæлттимæ, æцæгæлон адæмимæ. Æгъдауы фæрцы уæ царды суыдзыстут зонджындæр, хъаруджындæр, ныфсджындæр.

Цæттæ стут уымæ? Уæд размæ иумæ!"

Зæгъæм, ныхасгæнгæйæ цы 'гъдау æвдисын хъæуы, уый тыххæй дзы мæнæ цы загъдæуы:

❋❋❋

***Уæздан, хиуылхæцгæ адæймаг у кадджын æмæ адæмæн уарзон.***

***Зæрдиагæй йын хъусынц йæ ныхасмæ, аргъ ын кæнынц.***

❋❋❋

Ныхасгæнгæйæ, дæхицæй ма *'ппæл, макæй æфхæр, ма архай дæхи иннæтæй бæрзонддæр æвæрынил.*





❋❋❋

***Цæмæй дæ фæрсынц, уымæн дæтт æргом дзуапп. Дæ сæрмæ ма хæсс фæливын, уый адæймаджы æгад кæны, сайд та уæддæр искуы раргом вæййы.***

❋❋❋

*Ма чъизи кæн дæ цæсгом æнæфсарм, æнæгъдау ныхæстæ дзурынæй. Цы дзурыс, ууыл арф хъуыды кæн.*

❋❋❋

***Дæ хъуыды æвдис цыбыр æмæ мидисджын ныхæстæй. Æнæхъуаджы бирæ дзурын аив нæу, уæлдайдæр кæстæрæн.***

❋❋❋

*Кæд дæ фæнды, цæмæй дæм иннæтæ хъусой, уый, уæд зон хъусын дæхæдæг дæр. Дæхи зонд дын ничи айсдзæн, искæй зонд та дын исты пайда фæуыдзæн.*

❋❋❋

***Ныхасгæнæджы ма уром, банхъæлмæ кæс, цалынмæ йæ ныхас фæуа, уæдмæ, стæй уæд зæгъ дæ хъуыды. Дзырдæппарæн кæнын æнæгъдаудзинад у, хиуыл хæцын та — æгъдауы сæйраг домæнтæй иу.***

❋❋❋

Дæ разы исчи кæйдæр фыдгой куы кæна, уæд хуыздæр у ахæм ныхас бауромын. Æгъдау домы æргом, комкоммæ ныхас. Фæсауuonмæ искæй кой кæнын та худинаг у.

❋❋❋

***Кæд искæй истæуыл домыс, уæд æй, фыццаджыдæр, дæхицæй бадом. Быцæугæнгæйæ дæр — азым раздæр дæхимæ агур, стæй та — иннæтæм.***

Æмæ афтæ дарддæр. Чиныджы ма ис, амбæлгæйæ, фынджы уæлхъус бадгæйæ, хæргæйæ, æндæр уавæрты цы 'гъдау æвдисын хъæуы, уый дæр. Æмæ ма ноджы — салам дæттыны æгъдау.

Чиныджы тираж у 5000 экземпляры. Бынтон чысыл нæу ныртæккæйы рæстæджы. Фæлæ, фондз мин кæстæры уыцы æгъдæуттæ куы сахуыр кæной, куы базоной æмæ куы кæной, се 'мгæрттыл æмбæлгæйæ, уæд сæ уыдон дæр базондзысты.

Куырд куырдыл ахуыр кæны.

**Æрмæг бацæттæ кодта АБАЙТЫ Эдуард**

Адæмон медицинæ

## Сыд

**Хæххон зынвадæтты даргъ зымæджы дардвæндæгтыл иу адæм бирæ рæстæг æддæ уыдысты. Бирæтæ дзы-иу басыдысты. Кæд ма иу адæймаджы удæгасæй ссардтой, уæд-иу æй сæрстой арахъхъæй. Йæхи бон куы уыд, уæд ма иу йæхи митæй æуууæрста, йæ æрмттæ-иу йæ сæрыхъуынтыл сæрфта.**

**Сыд къæхтæ æвæрдтой цæхджын дæтты, кæд-иу сыд буар фехæлд, уæд-иу æй сæрстой арсы сойæ.**

## Ныхдар

**Къахы кæнæ къухы ных куы фæцæф вæййы, куы схæрам вæййы, уæд ныхæн æнæ рахаугæ нал вæййы. Уый хуыйны ныхдар, ныхдар кæнын.**

**Ныхдар кæныны рæстæджы буар судзы, рæхойæгау, кæны. Цæмæй уыцы рыстытæ ма уой, уый тыххæй йыл æвæрдтой зæронд ахсæн, хъæдындз фæлвыхæй, æхсадтой йæ хуырхæй, хи доны хуыппæй.**

***ДЗАБИТЫ Зарбеджы чиныг "Ирон адæмон хостæ"***

Зонинаг

# Паспорт афоныл баивут!

**Адæймагыл 20 кæнæ 45 азы кæй сæххæст, уымæ гæсгæ Уæрæсейы Федерацийы гражданины ивинаг паспорт архайы ног паспорт райсыны боны онг (фæлæ амынд æуууæлы сæвзæрды бонæй тæккæ фылдæр 90 боны дæргъы).**





Раздæр архайæг фæткмæ гæсгæ, амынд кары ралæууды хæдфæстæ документ нымад уыд мæнгыл. Паспорт баивыны боны онг адæймагæн-иу кæй радтой, уыцы рæстæгмæ æвдисæндар ын йæ архайдæн гæрæнтæ æвæрдта. Зæгъæм, ацы документмæ гæсгæ банктæ æхца æфстау нæ дæттынц. Ныр афтæ нал уыдзæн.

Кæй архайды æмгъуыд аивгъуыдта, нырæй фæстæмæ ахæм паспортимæ куыстмæ адæймаджы исыны рæстæг æмæ æндæр уавæрты куыстдæттæгыл адæймагæй æндæр æвдисæндар домыны хæс æвæрд нæ уыдзæн.

Уымæй уæлдай, 14 азы кæуыл сæххæст, ахæм адæймæгтæн паспорт райсыны фæдыл документтæ барвитыны æмгъуыд 30 бонæй 90 боны онг фæфылдæр кодтой.

**Нæ уацхæссæг**

Равдыст

# Цымыдисаг армукъа

**Дыууæ боны размæ Цæгат Ирыстоны Национ музейы байгом равдыст-армукъа. Республикæйы цæрджытæ æмæ уазджытæ дзы базонгæ сты рагон уырыссаг æрмиадимæ, уыдон сты оренбургаг кæлмæрзæнтæ, елецкаг нывæфтыдтæ, Дæллаг Новгороды керамикæ, Цхинвалы авгыл нывкæнынад æмæ Севастополы фæсмын дзаумæттæ.**

Цæгат Ирыстон равдыстой авторон куклатæ, æрхуы æмæ хъæдæрмæгæй конд дзаума, дурыл нывгæнджыты куыстытæ æмæ традицион ирон кæрдтæ. Уымæй уæлдай ма, равдыст-армукъа срæсугъд кодтой ветрарийты композицитæ æмæ республикæйы ювелирты куыстытæ. Ноджы ма æвдыст æрцыдысты скифаг хотыхты хуызтæ.

Æрыгон дизайнертæ æмæ парфюмертæ, косметикæгæнджыты уазджыты базонгæ кодтой "Сделано в Алании", зæгъгæ, ахæм нысанимæ уагъд продукциимæ.

Хуссар Ирыстонæй сæ куыстытæ æрбаластой хъæдæрмæгæй араздзжытæ æмæ национ уæлæдарæс хуыйæг дæснытæ.

Равдысты хай "Фарн"-ы (Станиславскийы уынг, 4) Ирыстоны нымæты хæдзары цæуы Нымæтон фестивал, хуыйны афтæ "Нымæтфестивал". Уымæй уæлдай ма, уыдзæн конкурс цæгатирыстойнаг нымæткуыстгæнæг дæснытæн.

Проект аразынæн баххуыс кодта Уæрæсейы Федерацийы Президентон грантты фонд, грантты фæрцы æрмдæснылйад сног Цæгат Ирыстоны, уый сæфт уыд бирæ рæстæг.

— Бузныг зæгъын нæ уазджытæн, кæй æрбацыдысты, кæй базонгæ сты ацы дæсныты куыстытимæ, уый тыххæй. Ам сæмбырд сты алыхуызон горæтты æрмдæснытæ, равдыстæн сæ фылдæр куыстытæ сты Цæгат Ирыстонæй, уыдон сты тынг цымыдисаг, ирд æмæ рæсугъд. Нæ равдыстæн уыдысты, уыимæ, — загъта равдыст саразæг **Бзарты Аланæ**.



БЗАРТЫ Аланæ

Равдысты уазджытæн арæзт æрцæудзысты интерактивон фæзтæ, уым сывæллæттæн сæ бон уыдзæн ахъазын рагон хъæзтытæй æмæ фенын, рагон ирон адæм куыд цардысты, уый. Ноджы ма арæзт æрцыдысты мастер-къласстæ æлдынбыдтæй æмæ национ кæлмæрзæнты быд цыллæ, нымæткуыстгæнджыты куыстытæй. Равдисдзысты, ронтæ куыд кæнынц, уыцы удмуртаг техникæ. Æнцойбонты æртæ сахатæй фæстæмæ музейы йæ сæйраг нысан у канд нæ республикæйы цæрджыты нæ, фæлæ ма уазджыты дæр базонгæ кæнæм, нæ рагфыдæлтæ цы æрмдæсныдзинадыл хæст кæрты уыдзæн фольклорон коллективты равдыст.

Цæудзæн авд боны дæргъы.



**ЦÆГÆРАТЫ Эльмирæ
Къамтæ систа
ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ


## Хъусынгæнинаг

Адæмон фронт рауагъта проект "Æппæтдæр — Уæлахизæн!" Уыцы проекты фæлгæты регионалон хайæдтæм æрбахæссæн ис æфсæддон дæлхайæдтæ æмæ сабыр цæрджытæн дзаумæттæ, уыимæ, материалон-техникон фæрæзтæ æфсæддонтæн.

Ис ма сын æхцайы фæрæзтæй баххуыс кæнæн официалон сайтæй: **https://pobeda.onf.ru/.**

Бæстон хъусынгæнинаг проекты архайыны тыххæй райсæн ис телефонæй: **8-(800)-200-34-11,** стæй ма официалон сайтæй дæр **https://pobeda.onf. ru/.**

Адæмон фронты регионалон хайады адрис:

**Дзæуджыхъæу, Димитровы уынг 2, телефон: 70-70-08.**

**РЦИ-Аланийы Æфсæддон комиссарад сиды граждæнтæм æфсæддон службæмæ контрактон бындурыл Уæрæсейы Федерацийы Гæрзифтонг тыхтæм.**

**Æвзæрст цæуынц, 18 азæй 50 азы онг кæуыл цæуы, йе 'нæниздзинад фидар кæмæн у, наркологон æмæ психотерапевтон диспансеры хыгъды чи нæй, тæрхонгонд кæмæн нæ уыд, ахæм адæймæгтæ.**

**Социалон пакет æмæ 200 мин сомæй уæлæмæ.**

**Уæ бон у, цы ран цæрут, уыцы бынаты бацæуын æфсæддон комиссарадмæ кæнæ æфсæддон контрактон службæмæ æвзарæн пунктмæ.**

**Фарстытимæ бадзурæн ис телефонтæй: 8-(8672)-25-68-92, 8-(8672)-76-83-75.**

**ПОШИВ матрацев и одеял (в наличии и на заказ); стирка и ческа шерсти. ТЕЛ.: 8-906-188-38-83.**

**Ремонт стиральных машин на дому у заказчика (с гарантией). ТЕЛ.: 8-919-421-80-09; 8-961-820-92-02.**


Газет "Рæстдзинад"-ы редакцийы кусджытæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц сæ раздæры æмкусæг æмæ æхсæнадон уацхæссæг, зындгонд журналист Хестанты-Бутаты Победæйæн, йæ хъæбулы хъæбул

**ГАБЕТЫ
Аланы фырт Зауыр**

цæрынхъуагæй кæй фæмард, уый фæдыл.


Номыры радгæс редактор — **Дедегкаты Зæлинæ.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
**Дизайн:** 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Рубайты Нелли;** 3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;** 2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;** 3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;** 4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редакортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редакортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Саутæты Тамилæ — 25-96-31, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдонил бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 3474. Заказ № 849. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**